



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 20 out 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MANDA KI TE SÈVI BAY MÈT KAY MANHATTAN KE YO AKIZE KAP ATAKE
LOKATÈ YO KI SOU LWAYE RÈGLEMANTE**

***Inite Pwoteksyon Lokatè envestige pwopriyete nan Marolda pou swadizan akizasyon degèpisman ki
pa jistifye ki vize an majorite Ameriken orijin Aziatik ki abite la depi lontan***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Inite Pwoteksyon Lokatè Eta te sèvi yon manda nan pwopriyete Marolda yo kòm yon pati nan yon envestigasyon sou akizasyon arasman lokatè nan anba Manhattan. Manda a baz elaji pou konparèt la egzamine tandans ak pratik sou akizasyon asèlman lokatè Marolda yo ak akizasyon pou eseye eksplwate lokatè Ameriken orijin Azyatik yo pou fòse yo kite apatman lwaye règlemante yo.

“Yo pa ta dwe fòse okenn Nouyòkè pou viv nan laperèz arasman pa pwopriyete kay yo, e jodia nap pran aksyon ki pral ede pwoteje plizyè milye Nouyòkè nan kalite abi sa,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Ka sa espesyalman flagran paske li sanble ke pwopriyete sa atake anpil lokatè ki se moun aje e lang angle se pa lang matènèl yo – sa ki pa pral tolere nan Eta New York. Inite Pwoteksyon Lokatè a te kreye pou pwoteje rezidan yo kont pwopriyete kay kap eseye defye lwa lwaye eta, e administrasyon mwen an pral kontinye envestige ka posib abi tankou sa a pou asire ke yo tradwi lajistis.”

Marolda se yon gwo pwopriyete Vil New York ki posede epi jere plis pase 70 bilding avèk apeprè 1,700 apatman nan tout senk awondisman yo ak nan konte Westchester. Konpayi a te posede pwopriyete nan Vil New York pou plizyè deseni e pa twò lontan de sa yo te elaji aktif yo nan achte yon gwo kantite bilding nan Chinatown e nan tout anba pati sid la. Daprè temwayaj lokatè yo, Marolda te angaje nan yon tandans konpòtman ilegal ak abiziv pou mete lokatè yo deyò nan kay yo, sa ki gen ladan: refize fè sèvis debaz yo, refize pou renouvle kontra yo jan li egzije pa lwa lwaye eta, angaje nan pwosedi degèpisman san fondman, ak bay lokatè yo presyon pou yo aksepte òf racha ki pi ba.

Komisyonè / PDG New York State Homes and Community Renewal, Darryl C. Towns, te deklare, “Anons jodia demontre ke Inite Pwoteksyon Lokatè a kontinye pou l vijilan e li angaje aktivman nan eradike fwod pwopriyete kay yo ak taktik entimidasyon. Grasa Gouvènè Cuomo ak Inite Pwoteksyon Lokatè, pwopriyete kay yo kap eseye abize sistèm lan pa pral anmezi pou degèpi lokatè yo a volonte, san okenn merit pou demann derezonab yo. Byenke pifò pwopriyete yo travay di pou

konfòm avèk lwa a, nou dwe pwoteje lokatè yo kont move aktè sa yo kap eseye pran avantaj sou lokatè vilnerab yo.”

Kowòdone avèk lokatè yo anasanm avèk defansè lokatè yo, enkli Komite against Anti-Asian Violence Organizing Asian Communities, MFY Legal Services, Asian Americans for Equality, University Settlement, ak the Cooper Square Committee, inite pwoteksyon lokatè a te entèvyouve lokatè yo ke yo te di ki te an vyolasyon avèk kontra lwaye yo paske rezidans prensipal yo te yon lòt kote, san okenn baz reyèl. Itilize non komen tankou yon baz pou mare yon lokatè a yon lòt adrès, Marolda swadizan vize moun ak fanmi yo pou degèpisman, byenke yo te viv sèlman nan apatman yo depi anpil deseni.

Nan yon ka, investigasyon prensipal la te revele ke Marolda te refize renouvle kontra lwaye yon lokatè, menase pou degèpi yon fi ki nan mitan katreven ane l deklare ke yo pat wè l nan bilding lan e li pat yon rezidan la. Demann Marolda sou non-rezidans moun aje a te demanti pa prèv tanjib ke li se yon manm lejitim ak atif nan yon sant kominotè pou granmoun ak òganizasyon relijye lokal, e li te abite nan apatman an pou plis pase 40 ane.

Nan yon lòt ka parèy, Marolda te konvoke yon fanmi nan tribinal lojman pou di ke rezidans prensipal fanmi an te yon lòt kote, andepi difèt ke fanmi an te viv nan apatman an pou anpil deseni, gen jèn timoun ki ale nan lekòl katye a, e yo pa lye a okenn lòt adrès.

Prezidan Asanble Sheldon Silver te deklare, “Pwoteje lokatè ki nan lwaye règlemante yo ak prezève lojman abòdab nan kominote Chinatown ak Lower East Side te toujou yon gwo priyorite pou mwen. Nou pa pral tolere arasman oswa menas kont okenn lokatè ak entimidasyon ki vize Ameriken orijin Azyatik yo toutafè inakseptab. Anpil nan moun aje nou yo, ansanm avèk fanmi kap travay yo, te anmezi pou rete nan katye yo akòz de pwoteksyon lwaye enpòtan nou an. Nou menm nan lachanm lan te batay avèk siksè pou ranfòse epi defann lwa yo sou lwaye ane apre ane e anons jodia se yon pati enpòtan nan batay la. Mwen vle felisite Gouvènè Cuomo ak Inite Pwoteksyon Lokatè pou efò yo nan non lokatè vilnerab yo nan tout eta nou an.”

Senatè Daniel Squadron te deklare, “Youn nan pi gwo defi Chinatown ak Lower East Side se abòdabilite. E lè pwopriyetè yo tankou Marolda itilize taktik asèlman pou degèpi lokatè yo ki sou lwaye règlemante, nou dwe fè tout sa nou kapab pou asire ke sa fini. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo, inite pwoteksyon lokatè, ak lokatè yo ak gwoup defansè tankou komite Against Anti-Asian Violence, the Cooper Square Committee, MFY Legal Services, Asian Americans for Equality, ak University Settlement paske yo te travay pou adrese eksperyans lokatè yo nan asèlman ki fèt Marolda. Tandans sa dwe sispann.”

Manm konsèy Vil la Margareth Chin te deklare, “Nou fyè pou nou travay avèk lokatè yo, lòt gwoup yo nan kominote a ak Gouvènè a pou asire ke pwopriyetè sa responsab pou aksyon li yo. Nou te tandè temwayaj istwa terib ki soti nan men lokatè yo e nou kontan paske inite pwoteksyon lokatè a te pran etap pou ede yo epi prezève kominote sa a.”

Michael Grinthal, Avoka sipèvize nan MFY Legal Services, Inc. te deklare, “MFY akeyi patenarya avèk ajans ranfòsman pro-aktiv gouvènman, tankou Inite Pwoteksyon Lokatè Gouvènè a. Aksyon TPU pral asiste grandman efò nou epi bay kouraj a lokatè yo pou kanpe pou dwa yo.”

Cathy Dang, Direktè Egzekitif Komite kont Vyolans Anti- Azyatik Óganizatè Kominote Azyatik yo, te deklare, “Li inadmisib ke Fred Marolda ta eseye degèpi yon lokatè ki nan mitan katreven ane l, ki gen tout strikti sosyal li ki limite a senk oswa plis blòk ki antoure bilding li an, de lakay li pou plis pase 40 ane. Aksyon Marolda ale kont istwa kominote Chinatown ak Lower East Side, ki te bati pa imigran ak kominote yo ki soutni pa lojman abòdab ki kontribye a kilti inik vil New York. Mès, Inite Pwoteksyon Lokatè, pou entèvansyon ou.”

Inite pou Pwoteksyon Lokatè a te kreye pa Gouvènè Cuomo nan ane 2012. Depi kreyasyon l, investigatè, kontwolè ak avoka inite a te re-kaptire plis pase 32,000 inite ke pwopriyetè yo neglije pou anrejistre, restore yo an lwaye règlemante, ekonomize eta plizyè santèn milyon dola nan depans renovasyon ak rekonstriksyon.

Depi kreyasyon l, inite a te egalman:

- Kontwole reklamasyon pwopriyetè kay yo pou amelyorasyon nan apatman endividyèl yo, ki egzije bòdwo detaye pou pwouve depans reyèl nenpòt amelyorasyon, kòm amelyorasyon ajoute sa yo kapab itilize pou ogmante lwaye yon apatman pou depase \$2,500 limit lwaye a, pèmèt li pou soti nan règlemantasyon an.
- Odit ki te inisyè sa ki te lakoz nan restore plis pase \$600,000 nan sichaj a lokatè yo ki pat konnen yo tap peye plis pase sa lwa sou lwaye a mande.
- Yon règleman istorik te anonse nan mwa Janvyè 2014 kont yon pwopriyetè ki tap asele epi entimide yon lokatè ki limite nan lang anglè nan Anwo Manhattan.
- Asiste New York State Homes and Community Renewal pou detèmine elijibilite si w gen dwa resevwa prè nan men eta a/don/kredi pou taks pou pwopriyetè potansyèl, lè li mennen ankèt e revize si finans yo valid e kenbe ipotèk si yo sispek twòp dèt nan pòtfolyo yo oswa akizasyon twòp chanjman nan lokatè atravè asèlman.
- Kolabore avèk plizyè ajans nan vil la pou fòme yon fòs travay konjwen pou adrese derèglemantasyon ak destriksyon apatman ki gen lwaye-règlemante yo nan Nò Brooklyn ak lòt katye yo nan tout vil la.
- Egzekite nouvo regilasyon lwaye, nan kòmansman lane 2014, pou sipòte nouvo lwa sou lwaye, lè li: klarifye kijan amelyorasyon apatman yo kalkile e verifye; ogmante limit dereglementation lwaye; ogmante limit revni; epi limite bonis pou kay vid la a yon sèl pa ane, sa ki diminye posibilite pou yon pwopriyetè mete deyò oswa pouse do lokatè nan yon inite plizyè fwa pa ane – nan sèl bi pou ranmase yon lòt bonis pou kay vid e mete inite yo depase \$ 2,500 limit lwaye.

Aksyon TPU yo, ansanm ak ranfòsman lwa sou lwaye nan lane 2011, te chanje kouran dereglemantasyon an, ak mwens inite kounye a kap kite sistèm nan. Konbine ak konstriksyon 6,000 inite ak lwaye

reglemante HCR sibvansyone depi 2011, kantite inite ak lwaye reglemante nan Eta Nouyòk ap grandi kounye a.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

WE WORK FOR THE PEOPLE
PERFORMANCE * INTEGRITY * PRIDE